

Nim. 202.67

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon ak Lwa Eta New York la konfye mwen, avèk dokiman sa a, konkli gen yon katastwòf ki la toujou kote ajans eta ak gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèveni kòm sadwa. Poutèt sa, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law) ban mwen, mwen deklare avèk dokiman sa a yon Ijans poutèt Katastwòf nan Eta a apati de 7 mas 2020, jan li etabli nan Dekrè Egzekitif 202 a. Dekrè Egzekitif sa a ap rete anvigè jiska 3 novanm 2020.

KOUNYE A, AN KONSEKANS, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la ban mwen pou sispann oswa modifiye pwovizwaman nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, oswa pou bay direktiv ki nesèsè pou reyaji fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a, ap kontinye sispansyon ak modifikasyon nan lwa, ak kèlkeswa direktiv ki pa ranplase ak yon direktiv annapre ki fè pati Dekrè Egzekitif 202 jiska avèk ladan 202.21, ak 202.27, 202.28, 202.29, 202.30, 202.38, 202.39, 202.40, 202.48, 202.49, 202.50, 202.55 and 202.55.1, jan yo pwolonje, ak Dekrè Egzekitif 202.60 pou yon lòt trant jou jiska 3 novanm 2020, eksepte:

- Sibdivizyon 1 nan Seksyon 491 nan Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an (Vehicle and Traffic), nan mezi li prevwa yon peryòd validite ak ekspirasyon pou yon kat idantifikasyon ki pa lisans chofè, p ap ni sispann ni modifiye ankò apati de 3 novanm 2020;
- Seksyon 401, 410, 2222, 2251, 2251, ak 2282(4) nan lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an, nan mezi li prevwa yon peryòd validite ak ekspirasyon pou yon sètifika anrejistremman oswa plak imatrikilasyon pou yon veyikil oswa trelè ak motè, yon motosiklèt, yon motonèj, yon bato, yon veyikil ak itilizasyon limite, ak yon veyikil touteren, p ap ni sispann ni modifiye ankò apati de 3 novanm 2020;
- Seksyon 420-a lwa sou Veyikil ak Sikilasyon an nan mezi li prevwa ekspirasyon pou dokiman anrejistremman pwovizwa yo ke konsesyonè otomobil yo te bay p ap ni sispann ni modifiye ankò apati de 3 novanm 2020; epi
- Sispansyon nan Dekrè Egzekitif 202.8 la, jan li modifiye ak pwolonje nan Dekrè Egzekitif ki vin apre yo, ki te sispann tout delè presi pou entwodiksyon, depozisyon, oswa siyifikasyon tout aksyon jidisyè, avi, pwopozisyon oswa lòt pwosesis oswa pwosedi jan yo dekri nan lwa

sou pwosedi eta, sa gen ladan pami lòt bagay lwa sou pwosedi penal la, lwa sou tribinal familyal la, lwa ak règ yo sou pratik sivil, lwa sou tribinal reklamasyon kont leta a, lwa sou pwosedi nan sal achiv la, ak lwa inifòm sou tribinal la, oswa nan nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, kontinye ak dokiman sa a, jan li te modifiye nan dekrè egzekitif anvan sa, a kondisyon sepandan, pou tout dosye sivil, sispansyon sa a ap an vigè sèlman jiska 3 novanm 2020, epi apre dat sa a tout delè sa yo p ap sispann ankò, epi a kondisyon tou:

- Sispansyon ak modifikasyon nan Seksyon 30.30 nan lwa sou pwosedi penal la, jan li kontinye ak modifiye nan EO 202.60, pa an vigè ankò ak dokiman sa a, eksepte pou akizasyon krim yo depoze nan konte New York, Kings, Queens, Bronx, ak Richmond, kote sispansyon ak modifikasyon sa yo ap kontinye an vigè jiska 19 oktòb 2020; apre sa pou konte ki nonmen sa yo sispansyon an p ap an vigè ankò nan dat sa a oswa lè yo fè akizasyon ofisyèl yon akize, kèlkeswa sa ki rive pi ta a, pou zafè krim ki jwenn akizasyon ofisyèl, sinon pou konte sa yo nonmen yo sispansyon ak modifikasyon Seksyon 30.30 nan lwa sou pwosedi penal la pou tout aksyon kriminèl sou baz plent pou krim p ap an vigè ankò, kèlkeswa ka a, 90 jou apre siyati Dekrè Egzekitif sa a nan dat 2 janvye 2021.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan katriyèm jou mwa oktòb

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a